SULUK MULANG NGELMI

Bismillahirahmanirrahim

Punika Cariyosipun Pandhita Mustakim, Mulang Ngelmi Dhatng Kang Rayi Nama Dewi Sujinah.

Mawi Skar.

PUPUH I
ASMARADANA

1. Ingsun miwiti amuji / anebut namaning Suksma / kang murah ing donya mangke / ingkang asih ing ngakerat / kang pinuji tan pegat / kang rumaksa alam iku / kang asih Nabi Mustapa //

Saya memulai dengan memuji, menyebut namanya Suksma, yang bermurah (hati) saat didunia, (serta) yang menyayangi di akhirat, tiada putus dalam memuji, kepada yang menjaga alam ini, dan yang menyayangi Nabi Muhammad SAW.

2. Sampune muji Tuhan / amuji Nabi Mukhamat / rasululloh sayktine / kang sinung dening Hyang Suksma / nabi wekasan mulya / jinurung karsa Hyang Agung / kinarya nayakaning rat //

Setelah memuji Tuhan, (lalu) memuji Nabi Muhammad, rasululloh sesungguhnya, telah sesuai dengan Hyang Suksma, Nabi terakhir (yang) mulia, yang dikehendaki oleh Hyang Agung, sebagai pengasuh didunia.

3. Sakabatira jng nabi / sakawan kang sinung rahmat / Abubakar Umar rane / Ngusman lan Ngali Murtala / gagedhuging ngayuda / tan ana wani kang mungsuh / kinarya prajuritira //

Sahabatnya nabi, (ada) empat yang mendapatkan rahmat, Abu Bakar Umar namanya, Usman dan Ali Murtadha, menguasai ilmu peperangan, tidak ada yang berani yang memusuhi, (jika) dijadikan prajuritnya.

4. Sigegen ingkang winarni / anenggih raja pandhita / Mustakim iku arane / langkung bekti ing Pangeran / tetep ngibadahira / asalat kang gangsal wktu / miwah asalat jumungah //

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

Dihentikan sementara yang diceritakan, yaitu raja Pandita, Mustakim itu namanya, lebih berbakti pada Pangeran, tetap ibadahnya, sholat yang lima waktu serta sholat jum'at.

5. Kang garwa ayu linuwih / parab Retna Sujinah / langkung bakti ing lakine / amrih kacangking ing priya / dunya prapteng ngakerat / wanodya wajib tiniru / iku kang aran wanita //

Dan istrinya sangat cantik sekali, bernama Retna Sujinah, sangat berbakti kepada suaminya, supaya dapat mengikuti suami, didunia sampai akhirat, (itulah) wanita yang wajib dicontoh, itu yang dinamakan wanita.

6. Kang garwa umatur aris / aneng sajroning papreman / paduka krama mring ingong / lah inggih kadi punapa / kawula jarwanana / sapatmon lawan ulun / ing pundi gening panggiha //

Istrinya berkata dengan lembut, pada saat berada di tempat tidur, Tuan menikah dengan saya, sebenarnya seperti apakah, mohon saya dikasih tahu, ketika berjumpa dengan saya, dimanakah tepat kita berjumpa.

7. Inggih lamun tuan panggih / punapa kang tuan aras / lawan kang dinulu mangke / kang tuan cepeng punapa / mila kula atanya / wong lanang panutan ingsun / kula anggguru tuan //

Ya jika tuan berjumpa, apakah yang tuan cium, dan yang dilihat nanti, serta yang tuan pegang apa, maka saya bertanya, seorang laki-laki yang menjadi panutan saya, saya berguru kepada tuan.

8. Mojar Pandhita Mustakim / kang sun cekel ananira / sihira sun dulu mangke / datira kang sun tingalana / lawan sipat kang mulya / suksmane sun aras iku / pinanggih ing rahmatullah //

Berkata Pandita Mustakim, yang saya pegang (adalah) adanya dirimu, kasih sayangmu yang saya lihat nanti, dzatmu yang saya perhatikan, serta sifat yang mulia, suksmanya yang saya cium, berjumpa didalam rahmatullah.

9. Lawan kang sun grayang yayi / kanyataan rasa tunggal / lawan ingsun iku mangke / panggih siphat tri prakara / kalawan wujut tunggal / nora loro ingkang wujud / iya jati kang wasesa //

Serta yang saya pegang adinda, kenyataannya rasa tunggal, dan saya nanti, bertemu sifat 3 (tiga) macam, dengan wujud tunggal, tiada dua wujudnya, yaitu sesungguhnya berkuasa.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

10. Dewi Sujinah nauri / inggih leres guru amba / mung paduka guruning ngong / kawula nuwun tuduhna / prenatane tiyang salat / mila kawula umatur / sampurnaa kadi tuan //

Dewi Sujinah menjawab, ya benar tuan guru, hanya tuan guru saya, saya mohon dijelaskan, rukunnya orang sholat, maka saya berkata, sempurnalah seperti tuan.

11. Mojar Pandhita Mustakim / yayi prenatane salat / limang prakara kathahe / iku sajatine tekat / angadeg lungguh ika / arukuk lawan sujud / aniyat lawan sampurna //

Berkata Pandita Mustakim, adinda rukunnya sholat, lima macam jumlahnya, itu sebenarnya tekad, berdiri duduk itu, rukuk dengan sujud, berniyatlah dengan sempurna.

12. Alon ature kang rayi / pundi sajatine niyat / raja pandhita wuwuse / yayi sajatine salat / kang niyat langgeng ika / Retna Sujinah umatur / tegese ngadeg punika //

Pelan ucapnya sang adinda, manakah sebenarnya niyat, raja pandita ucapnya, adinda sesungguhnya sholat, dan niyat yang kekal itu, Dewi Sujinah berkata, artinya berdiri itu.

13. Angadeg asale api / dudu api kena pjah / dudu api kang ginawe / dudu api kena rusak / dudu api naraka / sajatine api iku / aksara alip kang mulya //

Berdiri berasal dari api, bukan api yang dapat mati, bukan api yang dibuat, bukan api yang bisa rusak, bukan api neraka, sesunggunhnya api itu, aksara alif yang mulia.

14. Alip tegese ngaurip / uripe tan kena pejah / iku cahya sajatine / apadhang aran sirullah / yayi pamejang ingwang / kang garwa nungkmi suku / inggih leres guru amba //

Alif artinya hidup, hidup yang tidak terkena mati, itulah cahaya sesungguhnya, sangat terang disebut sirullah, adinda itu nasehat saya, istrinya bersujud di kaki, ya benar guru hamba.

15. Wonten atur amba malih / tegese rukuk punika / raja pandhita wuwuse / yayi manira miyarsa / tegese rukuk ika / amung sira rabiningsun / prayoga ingsun wejanga //

Hamba ada pertanyaan lagi, maksudnya rukuk itu, raja pandita ucapnya, adinda saya memang mengetahui, hanya kamu istriku, lebih baik saya beri nasehat.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

16. Kang rukuk asale angin / dudu angin sangking wiyat / dudu angin pejah mangke / dudu angin ngrusak omah / dudu angin punika / dudu angin barat lesus / pan dudu angin prahara //

Dan rukuk itu berasal dari angin, bukan angin yang berasal dari udara, bukan angin yang nanti bisa mati, bukan angin yang bisa merusak rumah, bukan angin itu, bukan angin badai dan topan, dan bukan angin malapetaka.

17. Dudu angin angatisi / dudu angin sangking arga / kang ngrebahaken kekayon / dudu angin mengkonoa / jatine angin mulya / nora kendhat siyang dalu / yen owah rusak jagatnya //

Bukan angin yang mendinginkan, bukan angin dari gunung, yang merobohkan tumbuh-tumbuhan, bukan angin yang seperti itu, sesungguhnya angin yang mulia, tiada putus siyang dan malam, jika berubah rusak jagadnya.

18. Kang pinuji rina wngi / iku angin kang sampurna / lir toya mili lampahe / nora pegat sanalika / jatine angin napas / iku yayi Suksma luhur / ingkang masesa ing jagat //

Yang dipuji siang dan malam, itu adalah angin yang sempurna, ibarat air yang mengalir jalannya, tidak putus seketika, sebenarnya angin nafas, itu adinda yang disebut Suksma luhur, yang berkuasa di dunia.

19. Iku tetaline urip / kathahe patang prakara / napas kang rumiyin mangke / ampas kaping kalihira / kaping tiga tanapas / kaping sekawane nupus / ingkang ijo iku napas //

Itu merupakan talinya hidup, jumlahny 4 (empat) macam, yang pertama nafas, anfas yang kedua, yang ketiga tanapas, yang keempat nufus, yang berwarna hijau itu napas.

20. Pujine napas puniki / robani robani ika / ilalloh ampas pujine / nenggih tanapas punika / laillaha illollah / pujine nupus riningsun / ya hualloh kang sampurna //

Pujinya nafas itu, robani robani itu, ilallah pujinya anfas, lalu tanafas itu, laillaha illallah, pujinya nufus adalah, ya hu allah yang sempurna.

21. Kaya ngapa sira yayi / yaiku pamanggih ingwang / Retna Sujinah ature / inggih leres guru amba / wonten atur kawula / dika wejang wong asujud / raja pandhita ngandika //

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

Seperti apakah kamu adinda, yaitu pendapat saya, Dewi Sujinah ucapnya, ya benar guru hamba, ada perkataan saya, berilah tuan nasehat tentang orang bersujud, raja pandita berkata.

22. Kang sujud asale warih / dudu warih agung asat / dudu we bengawan lepen / dudu toya kna rusak / dudu toya samodra / dudu banyu sumbr sumur / pan dudu toyaning rawa //

Sujud itu berasal dari air, tetapi bukan air besar yang dapat kering, bukan dari sungai, bukan air yang dapat rusak, bukan air samudra, bukan air didalam sumur, dan bukan air yang dirawa-rawa.

23. Dudu banyu owah gingsir / dudu banyu sangking jawah / sayktine banyu mangke / abiru wau warnanya / tegese banyu ika / nora buthek nora surut / siyang dalu datan samar //

Bukan air yang bisa berubah-ubah, buka air yang berasal dari hujan, sesungguhnya air itu, yang berwarna biru, artinya air itu, tidak keruh dan tidak berkurang, siang malam tidak samar.

24. Sajatine warih yayi / annggih patang prakara / wadi kang rumiyin mangke / madi kaping kalihira / cinatur kaping tiga / iya mani aranipun / maningkem kaping sekawan //

Sesungguhnya air adinda, yaitu empat macam, wadi yang pertama, madi yang kedua, yang ketiga adalah, mani sebutannya, manikem yang keempat.

25. Kaya ngapa ta sira yayi / iku pamanggih manira / Dewi Sujinah ature / inggih leres guru amba / sangking wejang paduka / kadospundi yen alungguh / raja pandhita ngandika //

Seperti itulah adinda, itu pendapat saya, Dewi Sujinah ucapnya, ya benar guru hamba, dari semua nasehat paduka, seperti apakah jika duduk, Raja Pandhita berkata.

26. Kang lungguh asale bumi / dudu bumi kena gempal / dudu bumi brangkal mangke / lan dudu bumi ing donya / dudu bumi tegalan / dudu bumi sangking gunung / dudu bumi kena rusak //

Dan duduk berasal dari tanah/bumi, bukan tanah/bumi yang dapat longsor, bukan tanah/bumi yang berbatuan, dan bukan tanah/bumi yang ada dinunia, bukan tanah/bumi sawah, bukan tanah/bumi yang berasal dari gunung, bukan tanah/bumi yang dapat rusak.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

27. Yayi ingkang ingsun panggih / sajatine bumi ika / jisim nakirah arane / iku bumi nyawa suksma / sajatine iku jagat / iya yayi bumi luhung / kang amot syarga naraka //

Adinda yang saya ketahui, sebenarnya bumi itu, jisim nakirah namanya, itu bumi nyawa atau suksma, sebenarnya itu jagad, yaitu adinda bumi yang mulia, yang memuat surga dan neraka.

28. Paran karsanira yayi / iku pamejang manira / kang garwa nembah turnya lon / pan sarwi nungkmi pada / leres pamejang tuan / amung tuan guru ulun / ing dunya prapteng ngakerat //

Semua kembali pada kehandak adinda, itulah nasehat saya, istrinya menghormat sambil berkata pelan, dan sambil menyembah kakinya, benar nasihat tuan, hannya tuan guru saya, didunia sampai akhirat.

29. Yayi murat ingsun malih / sajatine ati iya / roh ilapi sayktine / ratune nyawa sedaya / wenang aran datulah / langgeng pamisesanipun / iku tersandhaning Allah //

Adinda maksud saya selanjutnya, sebenarnya hati yaitu, ruh ilafi yang sesungguhnya, rajanya nyawa semua, berhak disebut dzatullah, langgeng kekuasaannya, itulah tanda atau bukti kekuasaannya Allah.

30. Yayi tersandhaning angin / rokhani kang ngadeg karya / ingkang muwuhi anane / kang sinung rasa surasa / pan ingaran sirullah / ananira iku wimbuh / tersandhane rasulullah //

Adinda berdasarkan bukti pada angin, rukhani yang bekerja, yang melengkapi adanya, yang berjodoh makna rasa, yaitu yang disebut sirullah, adanya itu dapat menambah, bukti adanya rasulullah.

31. Sajatine warih yayi / iya roh robani ika / kang nganggo purbane mangke / roh kang luwih sampurna / ingkang mundhi ing rasa / kang nugraha purbana gung / wnang ingaran sirullah //

Sebenarnya air adinda, yaitu ruh rabani, yang memakai kekuasaannya, yaitu ruh yang lebih sempurna, yang mendapatkan perintah dari rasa, yaitu karunia kekuasaan yang besar, berhak disebut sirullah.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

32. Sajatine bumi yayi / iya roh jasmani ingkang / apan kawimbuhan mangke / kang aran hidayatulah / kang datanpa gatranya / kang misesa marang ingsun / ingaranan wujudolah //

Sebenarnya tanah/bumi adinda, yaitu ruh jasmani yang, apabila mendapatpatkan kelebihan nantinya, disebut hidayatullah, yang tidak berbentuk atau berwujud, yang berkuasa pada diri saya, disebut wujudullah.

33. Murade kang asal api / uripe iku pan sadrah / kang asal api mangke / uriping napsu punika / mung ingkang asal toya / uripe mangke kadulu / langgeng ing paningalira //

Maksudnya yang berasal dari api, hidupnya pasrah, yang berasal dari api, itu hidupnya nafsu, sedangkan yang berasal dari api, hidupnya nanti terlihat langgeng/abadi pada pengelihatannya.

34. Murade kang asal bumi / mesthi uripipun rasa / lan murade iku mangke / kang asal api punika / makmur mangke ing dunya / lir kumala cahyanipun / medal ati putih ika //

Maksudnya yang berasal dari tanah/bumi, pasti hidupnya rasa, dan maksudnya itu, yang berasal dari api itu, sejahtera nantinya didunia, ibarat emas cahayanya, yang keluar dari hati yang bersih.

35. Ingkang ttingalireki / kang asal angin punika / sedarahe rabe mangke / cahyane mancur gumilang / kadya wulan purnama / metu sangking ati dadu / puniku dipun waspada //

Yang terlihat pada penglihatanmu, yang berasal dari angin itu, semua keturunannya nanti, cahayanya bersinar terang, seperti bulan purnama, yang keluar dari hati merah muda, itu harus diwaspadai.

36. Ingkang asal sangking warih / pasthi uripe lan iman / ati puat ing margane / ijo warnane punika / kang asal bumi iya / imane reke puniku / yayi datollah namanya //

Yang berasal dari air, pasti hidupnya dengan iman, hati puat merupakan jalannya, hijau warnannya, yang berasal dari bumi yaitu, imannya dirimu itu, adinda dzatullah namanya.

37. Pan endah warnanireki / lir damar murup warnanya / ing ati putih margane / murade ati punika / langgeng tan kena owah /cahyane uripe iku / kadi ingaran cinlautan //

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

Sangat indah warnanya, ibarat warna lampu yang menyala, didalam hati yang bersih asalnya, maksudnya hati itu, langgeng/abadi tidak boleh berubah, cahaya hidupnya, bia disebut cinlautan.

38. Murade kang asal angin / tingal madhep ing sirollah / pan kadya lintang cahyane / gumilang-gilang apadhang / kadi sasi purnama / murade kang asal banyu / madhep marang rasa mulya //

Maksudnya yang berasal dari angin, penglihatan menghadap pada sirullah, dan seperti bintang cahayanya, bercahaya sangat terang, seperti bulan purnama, maksudnya yang berasal dari air, menghadap pada rasa mulia.

39. Datan kena owah gingsir / kang cahya kadi hernawa / ingkang asal api mangke / ngaturaken ingkang cahya / nurani ingkang nama / kang asal banyu puniku / burhana kang katur ika //

Tidak boleh berubah-ubah, dan sinarnya seperti hati yang lapang, yang berasal dari api, yang memberikan cahaya, nurani namanya, yang berasal dari air itu, burhana yang diberikan.

40. Ana muradipun malih / annggih patang prakara / wujude kang api mangke / ingkang angin wada rupa / manubari ping kalihnya / dadi adg kaping telu / kaping sekawane dat //

Ada maksudnya lagi, yaitu ada empat perkara, wujudnya api, dan angin wada rupa, manubari yang kedua, menjadi tegak/berdiri yang ketiga, dan yang keempat dzat.

41. Anenggih murade angin / limang prakara kathahnya / asma lawan apngale / jinem ta lawan lalimpa / annggih kaping lima / ing puat dununge iku / yktine rasa sekawan //

Yaitu maksudnya angin, lima hal macamnya, asma dan af'al, jinem (tempat) serta limpa, sedangkan yang kelima, di puat tempatnya, sesungguhnya empat macam rasa.

42. Ana muradipun malih / annggih patang prakara / kang asal bumi wujude / kang ana kelawan siphat / dadi bebalung ika / tegese kaanan iku / ingkang amadhep ing keblat //

Ada maksudnya lagi, yaitu empat hal, yang berasal dari bumi wujudnya, yang berasal dari bumi, yang adanya dengan sifat,

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

menjadi tulang, artinya keadaan itu, yang menghadap kearah keblat.

43. Dhadha tanapi ing gigir / tangan klawan sukunya / lambung kiwa lan tengene / irung lawan kupingira / tutuk kalawan sirah / sakathahe kena lebur / yaiku aran kaanan //

Dada atau di punggung/pinggir, tangan dengan kakinya, labung kiri dan lambung kanannya, hidung dengan telinganmu, mulut dengan kepala, semuanya dapat hancur, yaitu disebut keadaan.

44. Sira kawruhana malih / yayi ana wartaningwang / kang ingaran salat mangke / arang kang anglakonana / satus tan ana satunggal / sewu tan ana tatelu / aran salat awor ika //

Kamu ketahui lagi, adinda ada kabar/berita yang saya ketahui, yang disebut sholat sekarang ini, jarang yang melaksanakan, seratus, satupun tidak ada, seribu, tiga pun tidak ada, disebut sholat yang telah bersatu.

45. Awore tingkah puniki / sadat tininggal ing polah / takbir usali namane / lan ngawruhana ta sira / satuhune kang salat / salat daim aranipun / yen tan wruh gurokna //

Bersatunya tingkah laku itu, shahadat terlihat pada prilaku, takbir usoli namanya, dan ketahuilah kamu, sesungguhnya sholat, sholat daim namanya, bila tidak mengetahui tanyakanlah pada ahlinya (bergurulah).

46. Aja ningali kang wajib / lampahna kang rumksa / waktu lalima kathahe / iku panggawene Suksma / nyatane rasulullah / iya salat limang waktu / iku margane sinihan //

Jangan melihat yang wajib, lakukanlah yang menjaga, lima waktu jumlahnya, itu perbuatannya suksma, kenyataannya rasulullah, yaitu sholat lima waktu, itulah jalannya dikasihi.

47. Kasrah mring nabi sinelir / milane kinen asalat / anglairaken wektune / pepak panggaotanira / sangking waktu lalima / asta kalih lawan suku / waktu luhur gone nyata //

Diserahkan kepada Nabi terpilih, maka diperintah sholat, serta mengucapkan pada saat waktunya, lengkap dengan perbuatannya, dari kelima waktu, kedua tangan serta kaki, waktu zhuhur nyata tempanya.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

48. Patang rekaat puniki / asta kalih lawan muka / lawan pupu karo mangke / anenggih waktu ngasar / inggih patang rekaat / gigir lawan dhadha iku / lambung tengen lawan kiwa //

Empat rekaat itu, dua tangan serta muka (wajah), serta kedua pahanya, yaitu waktu ashar, yaitu empat rekaat, punggung serta dada, lambung kanan dan kiri.

49. Kaping tiga waktu mahrib / tigang rekaat asalat / iya datulah tandhane / grana kalih lawan muka / waktu ngisa punika / sekawan rekaatipun / pandulu miwah pamyarsa //

Yang ketiga maghrib, tiga rekaat sholatnya, dzatullah tandanya, dua lubang hidung serta muka/wajah, waktu Isya itu, empat rekaatnya, penglihatan/mata serta pendengaran (telinga).

50. Ing sarira nabi singgih / waktu subuh rong rkaat / punika iya anane / ing roh kelawan jasat / milane asembahyang / waktu lalima puniku / pan dumunung ing sarira //

Didalam diri nabi sesungguhnya, waktu subuh dua rekaat, yaitu adanya, didalam roh dan jasad, maka bersebahyanglah, lima waktu, itu terletak didalam diri sendiri.

51. Nyatane nabi kekasih / salat limang waktu ika / pan rumeksa ing umate / anganut marang sarengat / madhep marang ing keblat / anglampahi limang waktu / yaiku lampah kang mulya //

Kenyataanya pada Nabi yang terkasih, sholat lima waktu, dijaga oleh umatnya, yang menganut pada syareat, menghadap kearah keblat, menjalankan lima waktu, yaitu jalan yang mulia.

52. Kang garwa sinambut aglis / kang aran Retna Sujinah / pandhita rahmat wuwuse / amung sira rabiningwang / donya tekeng ngakerat / pasthi sira garwaningsun / prayoga ingsun wejanga //

Istrinya segera disambut, yang bernama Retna Sujinah, pandita Rahmat ucapnya, hanya kamu istriku, dunia sampai akhirat, pasti kamu tetap istriku, sebaiknya saya nasihati.

53. Lamun sira anglampahi / yayi pamejang manira / manggih sawarga ing tembe / kalamun aneng naraka / ingsun kang ngentasna / sakathahe wulang ingsun / yaiku lampah mertobat //

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

Jika kamu menjalankan, adinda nasehatku, akan mendapatkan surga akhirnya, jika kamu di neraka, saya yang akan mengambilmu, semua ajaran saya, yaitu menjalani taubat.

54. Sagunge kang amiyarsi / sanak-sanak sun sedaya / den sami anggraitane / tuture janma utama / aja watak sembrana / pawarta puniku luhung / pilih ingkang ngawruhana //

Semua yang melihat, sanak saudaraku semua, jika tidak mengetahui, maka harus berfikirlah, ucapnya manusia utama,, jangan bertabiat ceroboh, kabar itu baik, tapi pilih yang kamu telah mengetahui.

55. Ana wangsite Tuhan / kang ahlul nglampahi salat / yen tan wruh sajatine / sembahyang tanpa gawea / angur padha turua / yen tan wruh jatinipun / padha sira rungokna //

Ada isyaratnya Tuhan, yang ahli menjalankan sholat, jika tidak mengetahui sebenarnya, sembahyang tanpa hasil, lebih baik tidur saja, jika tidak mengetahui sesungguhnya, kamu dengarkanlah.

56. Yen sira ayun ngabkti / angimana ing pawarta / pawarta kang kocap kiye / yen sira ayun sampurna / wilangn wragatira / sampurnane niyat iku / angadeg lir guladrawa //

Jika kamu hendak berbakti, mempercayai pada warta tersebut, warta yang telah diceritakan, jika kamu mengetahui secara sempurna, hitunglah biayanya, sempurnanya niyat itu, berdiri ibarat dhandhanggula.

PUPUH II
DHANDHANGGULA

1. Yen sira wus iktidal puniki / kawruhana waktu kang lalima / ing pundi wau prenahe / waktu luhur puniku / pundi reke ing prenahneki / miwah ing waktu ngasar / pundi nyatanipun / miwah waktu mahrib ika / waktu ngisa lan subuhe iku yayi / ing pundi gene nyata //

Jika kamu sudah iktidal, ketahuilah kelima waktu tersebut, dimanakah tadi tempatnya, waktu zhuhur itu, dimanakah tempat dan letaknya, serta diwaktu asyar, mana kenyataanya, serta di waktu maghrib, waktu isya dan shubuh itu adinda, dimanakah tempat untuk menyatakan.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

2. Yen tan wruha sembahyang kang yekti / tanpa gawe angur aturua / tiwas kangelan badane / lan sira mangke iku / kawruhana dipun sayekti / iku jatine sembah / iya nyatanipun / aja katungkul sembahyang / jengkang-jengking kadya janma nginjen jangkrik / tan wruh dunungira //

Jika tidak mengetahui sembahyang yang sesungguhnya, tidak ada gunanya lebih baik tidur, daripada menyengsarakan badan, dan kamu nantinya, harus mengetahui yang sesungguhnya, itu sejatinya sembah, iya kenyataannya, jangan lengah dalam sembahyang, naik turun seperti orang yang mencari jangkrik, tidak mengetahui tempatnya.

3. Sucenira agama puniki / den wuninga wilangane raga / kang manjing limang waktune / waktu luhur puniku / rekaate kawan prakawis / iya alis makripat / iku dunungipun / dene kang darbeni iya / Nabi Brahim malaekate Jabarail / sekabat Abubakar //

Sucinya agama itu, ketahuilah hitungannya raga, yang masuk kelima waktunya, waktu zhuhur itu, rekaatnya empat perkara, yaitu alis (?) makrifat, itu tempatnya, sedangkan yang mempunyai adalah, Nabi Ibrahim dan Malaekatnya Jibril, serta sahabat Abu Bakar.

4. Waktu ngasar ya kawan prakawis / dunungipun grana lawan karna / Jeng Nabi Usup kang darbe / de malaekatipun / yayi Malaekat Mikail / sekabat Bagendha Umar / iya kang winuwus / dene waktu mahrib ika / apan tiga rekaate iku yayi / cangkem lan suku ika //

Waktu asyar empat rekaat, letaknya pada hidung dan telingan, Nabi Yusuf yang mempunyai, dan malaekatnya, adinda Malaekat Mikail, sahabatnya Baginda Umar, itulah yang terucap, sedangkan waktu maghrib, yaitu tiga rekaat adinda, terletak pada mulut dan kaki.

5. Nabi Ngisa iku kang darbeni / Malaekat Ngijrail kang nyata / Bagendha Ngali sabate / waktu ngisa puniku / rekaate kawan prakawis / dununge aneng asta / kalih lawan suku / kang darbeni Nabi Musa / nenggih yayi malaekate Ngisrapil / sakhabat Bagendha Ngusman //

Nabi Isa yang memiliki, Malaekat Ijroil sesungguhnya, Baginda Ali sahabatnya, sedankan waktu Isya yaitu, rekaatnya empat

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

perkara, terletak pada tangan, -keduanya serta kaki, yang mempunyai Nabi Musa, dan malaekat Isropil adindia, sahabatnya Baginda Usman.

6. Waktu subuh rekaate kalih / panjingipun badan lawan nyawa / Jeng Nabi Adam kang darbe / sakhabatipun Harun / marmanira puniku yayi / ana waktu lalima / duk ing purwanipun / nalika jeng nabi duta / tinimbalan marang Hyang Kang Maha Suci / minggah marang ing sawarga //

Waktu shubuh dua rekaat, letaknya pada badan dan nyawa, Nabi Adam yang memiliki, sahabatnya Harun, itulah awal mulanya dinda, adanya lima waktu, awal mulanya, ketika Rasulullah, dipanggil oleh Hyang Kang Maha Suci, naik ke surga.

7. Sapraptane dinangu mring Tuhan / pan mangkene pandangune Pangeran / lah sira bagea mangke / Mukhamad satekamu / sangking donya prapteng sawargi / apa leh-olehira / sira marang ingsun / jeng nabi duta turira / watahyatu angsal-angsal amba gusti / kaatura ing tuan //

*Ketika datAng ditannya oleh Tuhan, seperti ini pertanyaannya Pangeran, apakah kamu selamat, kedatanganmu Muhammad, dari dunia menuju surga, apakah oleh-olehmu, kepada-KU, Kanjeng Nabi jawabnya, **watahyatu** oleh-oleh hamba Gusti, untuk tuan.*

8. Hyang Wasesa nulya amangsuli / ya Mukhamad asalamungalaeka / jeng nabi duta sujude / ping lima gennya sujud / Jabarail anulya angling / marang jeng nabi duta / tuan nabi rasul / wus pinasthi dika tuan / lan saumat limang waktu antpi / wau kalane tuan //

Hyang Wasesa lalu menjawab, ya Muhammad assalamualaeka, Kanjeng Nabi lalu sujud, sebanyak lima kali sujud, Jibril lalu bersabda, kepada Kanjeng Nabi, Tuan Nabi Rasul, sudah ditentukan kamu tuan, dan beserta umatnya menjalankan lima waktu, tadi ketika tuan.

9. Duk dinangu ing Hyang Maha Suci / gupuh tuan sujud kaping lima / puniku tuan mulane / benjang tuan sedarum / malah dhateng ing dina akir / sami anetepana / salat limang waktu / nulya nabi sinugatan / dhedhaharan sawarnine ing sawargi / Jabrail gya angatak //

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

Ketika ditanya oleh Hyang Maha Suci, tuan sibuk melakukan sujud lima kali, itulah tuan asalnya, nanti tuan semua, sampai saatnya tiba hari akhir (kiamat), sama-sama menjalani, sholat lima waktu, lalu Nabi di jamu, bermacam-mancam makanan surga, Jibril segara memberitahu.

10. Nedha tuan dhinahara nuli / pasihane Gusti Maha Mulya / jeng nabi adhahar age / nulya dhinahar sampun / Jabarail angatak malih / nedha tuan telasna / suguhe Hyang Agung / jeng nabi rasul saurnya / sampun tuwuk kisanak gen kula bukti / Jabrail alon mujar //

Makanlah segera tuan lalu, pemberian Gusti Maha Mulya, Kanjeng Nabi segera makan, lulu dimakan, Jibril mengingatkan lagi, tuan silahkan dimakan lagi dan habiskan, pemberian Yang Agung, Kanjeng Nabi ucapnya, sudah kenyang kisanak makan saya, Jibril lalu berkata.

11. Wus pinasthi umat tuan binjing / mung saduman kang manjing sawarga / dene kang kalih dumane / manjing naraka besuk / margi tuan genira bukti / amung telas saduman / iku mulanipun / jeng nabi gupuh ngandika / pundi sanak kula telasne malih / Jabrail nulya menggak //

Sudah ditentukan umat tuan nanti, hanya sepertiga bagian yang masuk surga, sedangkan yang dua pertiga, masuk neraka nantinya, itulah awal mulanya, Kanjeng Nabi tergesa-gesa berkata, mana kisanak akan saya habiskan lagi, Jibril lalu mencegah.

12. Boten kenging lamun wali-wali / wau tuan inggih kula atak / jare wus tuwuk saure / jeng nabi rasul gagetun / ngemu waspa sajroning ati / sarwi amenggah-menggah / tobat mring Hyang Agung / duk kalanira samana / waktu ngisa ngandikan marang Tuhan / subuh prapta ing wisma //

Tidak boleh kalau diulang-ulang, tadi tuan juga saya beritahu, katanya sudah kenyang jawabnya, Kanjeng Nabi Rasul menyesal, kelihatan menangis didalam hati, serba gelisah, lalu tobat kepada Hyang Agung, ketika pada waktu itu, waktu Isya bercakap-cakap dengan Tuhan, dan waktu Shubuh sudah dirumah.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS

Tamat pamulange Pandhita Mustakim.

Tamat nasehatnya Pandita Mustakim.

Wallahu a'lam

@@@

Semoga terjemahan ini dapat membantu untuk mempelajari makna-makna ajaran yang terkandung dalam "Suluk Mulang Ngelmi" karya Raden Sastradipura, dan mohon maaf apabila dalam menterjemahkan masih banyak kekurangan. Nuwun.

AAK JAVANESE MANUSCRIPTS